

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Atikan karakter mangrupa apingan pikeun ngawangun karakter anu hadé sarta miboga udagan sangkan ngawangun manusa anu ngabogaan budi pekerti luhur jeung kapribadian nu hadé. Atikan karakter bisa dimeunangkeun dimana waé utamana di lingkungan kulawarga, sakola, atawa masarakat. Atikan karakter ogé bisa dimeunangkeun ngaliwatan karya sastra.

Karya sastra tumuwuh dikalangan masarakat sarta aya pakaitna jeung fakta-fakta nu kajadian di masarakat. Sanajan karya sastra lobana fiksi, tapi tangtuna dina karya sastra ngabogaan ajén anu bisa dicokot pikeun kahirupan sapopoé. Sastra atawa kasusastraan nyaéta ungkara tina fakta artistik jeung imajinatif salaku manifestasi dina kahirupan jalma ngaliwatan basa médium sarta ngabogaan dampak anu hadé kana kahirupan jalma.

Isnéndés (2010, kc. 21) nyebutkeun yén wangun karya sastra Sunda kabagi kana tilu rupa, nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Warna prosa kabagi jadi dua nyaéta prosa heubeul jeung anyar. Karya sastra nu kaasup prosa heubeul nyaéta dongéng. Sedengkeun karya sastra nu kaasup prosa anyar nyaéta carita pondok, roman, jeung novél. Novél kaasup kana wangun prosa lantaran novél téh prosa rékaan nu ngawujud lalakon (naratif), wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang (kompléks) (Isnéndés, 2010, kc. 39). Novél mangrupa salah sahiji karya sastra wangun prosa panjang anu eusi caritana ngeunaan kahirupan tokoh. Carita anu aya dina novél biasana mangrupa fiksi tina pangalaman atawa imajinasi pangarang anu eusiana tangtu bisa dikurangan atawa dileuwihan.

Novél *Dalingding Angin Janari* mangrupa salah sahiji novél karya Usép Romli H.M. anu citakan kahijina aya dina taun 2007 tur citakan kaduana dina taun 2019. Novél *Dalingding Angin Janari* téh mangrupa novél anu miboga kasang

Siti Nurhaliza, 2023

AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DALINGDING ANGIN JANARI KARYA USÉP ROMLI H.M.
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMA (Ulukan Struktural)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tukang di lingkungan pasantrén. Katitén tina palaku jeung latar anu digambarkeun dina eusi novél.

Usép Romli H.M. téh salah sahiji sastrawan Sunda anu babarna taun 1949 di Limbangan, Garut. Usép Romli H.M. sastrawan Sunda anu rancagé, ku kituna geus loba penghargaan anu dimeunangkeun ku Usép Romli H.M. diantaranya Hadiah Sastra Manglé taun 1977, Hadiah Sastra LBSS taun 1995, Hadiah Sastra LBSS taun 2001, Hadiah Sastra LBSS taun 2004, Hadiah Sastra LBSS taun 2007, Hadiah Sastra Rancagé taun 2010, jeung Hadiah Sastra Rancagé taun 2011. Tangtuna bisa dititén tina karya-karyana anu lolobana nyaritakeun kaayaan di pasantrén di antarana *Béntang Pasantrén* 1983, *Ceurik Santri: Kumpulan Carpon* 1985 jeung *Dalingding Angin Janari* 2007.

Kahirupan barudak jaman kiwari tangtu loba pisan masalah, lantaran kurangna moral, kurangna ngajaga ka alam, jeung kurangna rasa peduli kana lingkungan jeung sosial. Masalah kitu mindeng kajadian lantaran kurang dilarapkeunna ajén atikan karakter anu geus remen diajarkeun di lingkungan sakola. Ku kituna salian ti diajarkeun di lingkungan sakola, ajén atikan karakter bisa dimeunangkeun ogé dina novél. Ngaliwatan novél, ajén atikan karakter bakal katitén ngaliwatan tokoh-tokoh anu aya dina éta novél. Sakumaha nurutkeun Suhérman dina Koswara spk. (2020, kc. 128) nu nyebutkeun yén sastra salian ti nyumponan kriteria bacaeun barudak ogé boga fungsi pikeun ngaping karakter barudak.

Buku magrupa salah sahiji media pikeun pangajaran, lantaran buku ngandung ajén inajén anu bisa jadi pieunteungeun pikeun barudak dina kahirupan sapopoé. Sakumaha nurutkeun Haerudin spk. (2019, kc. 341) buku bisa dijadikeun média pikeun nepikeun ajén-inajén nu hadé. Ngaliwatan buku, budak bisa miboga wawasan anu lega tur loba pangajaran anu bisa dilarapkeunna. Buku bacaeun henteu ngan saukur buku pangajaran, tapi bisa ogé buku sastra anu ngandung caritaan ngeunaan kahirupan sapopoé saperti novél. Ku kituna, novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli cocog pikeun dijadikeun bahan pangajaran di sakola. Lantaran ngandung ajén inajén sarta bisa dipakaitkeun jeung 18 ajén

atikan karakter anu diragum ku pusat Kurikulum Kemendiknas, anu sumberna tina agama, Pancasila, budaya, jeung atikan nasional.

Pikeun maham kana struktur novél salah sahijina nyaéta dimimitian ku nganalisis struktur novél anu geus aya. Nganalisis struktur novél anu geus aya ogé mangrupa cara pikeun ngaprésiasi hiji karya. Unggal karya moal bisa leupas tina struktur anu ngawangunna lantaran éta unsur téh bisa mesék kana unsur anu aya dijerona. Pamadegan éta saluyu jeung teori Robert Stanton dina Isnéndés (2008, kc. 29) nu nyebutkeun yén ungal unsur dina karya sastra diwangun ku: (1) téma carita; (2) fakta carita (alur, tokoh, latar); jeung (3) sarana carita (sudut pandang, gaya basa jeung suasana, simbol-simbol, imaji, judul).

Maca mangrupa salah sahiji aspék dasar kaparigelan anu mampu ngarojong kana kaparigelan séjén. Nurutkeun Haerudin, spk. (2013, kc. 1) kaparigelan basa Sunda téh di antarana ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis, éta kaparigelan téh mangrupa kamahéran anu silih rojong. Patalina bahan pangajaran maca novél aya di kelas 11 SMA bisa ditilik dina kompetensi dasar pangaweruh 3.6. nyaéta nganalisis eusi, struktur, jeung aspék kabasaan dina novél sarta katerampilan 4.6. nyaéta midangkeun hasil analisis novél ngaliwatan rupa-rupa média (saperti bagan, carita gambar, jeung animasi) sarta merhatikeun struktur jeung kaidah kabasaan.

Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho kana unsur-unsur anu aya dina novél *Dalingding Angin Janari*, ogé apal kana atikan karater anu dikandung dina novél *Dalingding Angin Janari*. Struktur jeung ajén atikan karakter anu diulik dina ieu novél, bisa jadi pangaweruh, pangajaran, jeung upaya aprésiasi kana karya sastra.

Panalungtikan saméméhna anu nalungtik objék ngagunakeun ulikan struktural jeung ajén atikan karakter nyaéta: (1) Ajén Atikan Karakter dina Novél *Putri Subanglarang* Karya Yoseph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Ulikan Struktural) ku Citra Sela taun 2019; (2) “Ajén Atikan Karakter dina Novélét *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati (Ulikan Struktural jeung Psikologi Perkembangan)” ku Meli Nurul Maliah 2020; (3) “Struktur jeung Ajén

Siti Nurhaliza, 2023

AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DALINGDING ANGIN JANARI KARYA USÉP ROMLI H.M. PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMA (Ulikan Struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Atikan Karakter dina Novélét *Jamparing* Karya Chyé Rétty Isnéndés pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél Rumaja di SMP Kelas IX” ku Nadia Ayu Permani 2021; (4) “Struktur jeung Ajén Atikan Karakter dina Kumpulan Carpon *Ulin di Monumén* Karya Tetti Hodijah” ku Ikra Ridwana 2022; (5) “Novél *Pelesir ka Basisir* Karya Risnawati pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMP (Ulikan Struktural jeung Ajén Atikan Karakter) ku Erick Rizky Febrianto 2022; (6) Disertasi ti Rétty Isnéndés “Struktur dan Fungsi Upacara Ngalaksa di kecamatan Rancakalong kabupaten Sumedang dalam Perspektif Pendidikan Karakter” taun 2013; (7) jurnal panalungtikan dina médium basa Inggris nyaéta “The Values of Character Education in Children’s Novél *Guha karang legok Pari*” ku Dedi Koswara, spk. dina taun 2020. Salian ti éta aya ogé jurnal panalungtikan basa Indonesia,(8) “Nilai Pendidikan Karakter dalam novel *Rindu* Karangan Tere Liye: Tinjauan Psikologi Karakter” ku YF Wardani taun 2018; (9) “Pendidikan Karakter dalam Novel *Mahamimpi Anak Negeri* Karya Suyatna Pamungkas Tinjauan Psikologi Sastra” ku MR Abdulfatah, spk. taun 2018; (10) “Nilai-Nilai Pendidikan Karakter dalam Novel *Ibuk* Karya Iwan Setyawan” ku CN Irma taun 2018.

Sanajan saméméhna geus ditalungtik ngeunaan struktural jeung ajén atikan karakter, tapi nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtika saacaanna nyaéta objék nu ditalungtikna. Lantaran objék anu ditalungtik dina ieu panalungtikan mangrupa novél anu miboga kaunggulan ngeunaan atikan karakter utamana moral ngaliwatan palaku sarta latar nu aya dina ieu novél, tur ieu objék can pernah ditalungtik saméméhna. Ku kituna, ieu panalungtikan baris dijudulan “Atikan Karakter dina Novél *Dalingding Angin Janari* Karya Usép Romli pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA (Ulikan Struktural)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus dipedar, sangkan ieu panalungtikan leuwih museur maka dijieun rumusan masalah. Ieu panalungtikan ngulik kana analisis struktural sarta ajén atikan karakter nu aya dina novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli sarta cocog henteuna ieu novél dijieun bahan ajar. Nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti kieu di handap.

Siti Nurhaliza, 2023

AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DALINGDING ANGIN JANARI KARYA USÉP ROMLI H.M. PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMA (Ulikan Struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Kumaha struktur nu aya dina novél *Dalingding Angin Janari*?
- 2) Ajén atikan naon waé nu aya dina novél *Dalingding Angin Janari*?
- 3) Kumaha larapna novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli pikeun bahan pangajaran maca novél di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umumna nyaéta pikeun mikanyaho struktur sarta ajén atikan karakter nu aya dina novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) struktur carita dina novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli;
- 2) ajén atikan anu kakandung dina novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli;
- 3) larapna novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca novél di SMA.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun référénsi anu bisa mekarkeun élmu pangaweruh dina widang sastra. Hasil panalungtikan ieu ogé bisa dijadikeun salah sahiji bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan ka hareupna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Dina ieu panalungtikan, dipiharep miboga mangpaat:

- 1) pikeun panalungtik, ayana pangalaman sarta pangaweruh hususna dina nalungtik struktur dina novél;
- 2) pikeun panalungtik ka hareupna, bisa jadi référénsi anu bisa dimekarkeun jadi élmu pangaweruh sarta salaku bahan atawa sumber acuan dina panalungtikanana;

- 3) pikeun masarakat, dipiharep bisa nambahan wawasan jeung pangaweruh ngeunaan ajén moral dina novél nu bisa dilarapkeun dina kahirupan;
- 4) pikeun lembaga, dipiharep bisa nambahan sumber-sumber panalungtikan jeung bisa mawakeun pangaruh anu hadé kana éta lembaga.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, nu dibagi kana tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi kana dua bagian nyaéta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan. Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan ulikan tiori atawa landasan tiori pikeun ngabahas masalah nu dijieun objék panalungtikan. Eusina tiori-tiori nu luyu pikeun panalungtikan sacara déskriftif, saperti novel, strukturalisme, ajén atikan karakter, jeung bahan pangajaran maca, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data. Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan sagemblengna hasil tina panalungtikan anu dilakukeun. Bab V Kacindekan jeung Rékoméndasi, eusina medar ngeunaan kacindekan tina sakabéh pedaran hasil panalungtikan, ogé saran pikeun pamaca sangkan panalungtikan kahareupna leuwih hadé.